



Organisation
internationale
du Travail



*Jounen mondyal
kont travay timoun*

An nou bay

fi fi yo yon chans

An nou elimine travay timoun



TRAVAIL DECENT

90 ans au service de la justice sociale
Un monde meilleur commence par là

Kesyon ak Repons

Kisa jounen mondyal kont travay timoun nan ye?

Nan lane 2002, Òganizasyon Entènasyonal Travay inogire yon jounen mondyal kont travay timoun yon jan pou fè moun wè tout kote sou latè gen timoun k ap travay e pou chèche sa ki pou fèt pou sa fini.

Chak ane, nan jou ki 12 jen, jounen mondyal kont travay timoun nan rasanble gouvènman, òganizasyon patwon ak travayè, sosyete sivil la ak lòt patisipan – tankou lekòl ak media – nan kad motivasyon kont travay timoun nan. Milyon moun nan tout peyi sou latè rasanble jou sa pou fè nou sonje mizè timoun k ap travay yo ap pase e fè nou sonje tou kisa nou ka fè pou lite pou sa sispann.

Poukisa Jounen Mondyal lan ane sa-a konsantre sou ti fi?

Nan tout peyi sou latè, yon pakèt tifi ap travay olye yo al lekòl. E anpil fwa se travay timoun ki pi di yo yo fè yo fè. Anpil fwa tou, moun pa menm wè travay y ap fè a sa ki reprezante plis danje toujou pou yo. Anpil tifi genyen de chay pou yo pote sou do yo : yo gen pou yo al travay e yo gen pou yo fè kòvè lakay yo tou. Gen de lè, travay la rèd e li anpil, sa ki mennen tifi yo paka al lekòl. Konvansyon nimewo 182 OIT a ki pale sou pi move kalite travay timoun fè pale espesyalman sou sityasyon tifi.

Konbyen tifi ki gen avwa avèk zafè travay timoun nan?

Dapre dènye estimasyon OIT yo, genyen yon 100 milyon tifi pami yon total 218 milyon timoun ki ap travay toupatou sou latè. Plis pase mwatye nan yo, 53 milyon, ap fè travay ki gen danje landan yo.¹

Ki kalite travay yo bay tifi yo fè?

Nan pifò ka, yo bay tifi yo fè menm kalite travay ak tigason. Pifò ladan yo (70%) ap travay latè. Yon pakèt ladan yo ap travay kay moun kòm domestik, ki se yon mòd travay ki pa gen anpil tigason ki fè l. Anpil tifi travay nan ti atelye pwodiksyon oswa nan fè machann nan lari oswa nan mache.

Ki kalite travay timoun tifi fè ki gen plis danje ladan yo?

Sèten kalite travay timoun ki pi rèd yo, se tifi ki fè yo. Espesyalman pwositisyon ak pònografi. Kominote Entènasyonal la gen anpil tèt chaje sou zafè tifi yo vòlè pou fè yo fè pwositisyon ak lòt nan pi move kalite travay yo fè timoun fè. Konsa tou tifi yo konn viktim travay fòse avèk mès ak konpòtman ki sanble esklavaj; e konsa tou yo konn viktim vyolans avèk abi ki se de kalite danje nou jwenn ki menase yo anpil nan travay domestik

1. OIT: La fin du travail des enfants: un objectif à notre portée. Rapport global en vertu du suivi de la Déclaration de l'OIT relative aux principes et droits fondamentaux au travail. Genève, Suisse, 2006.



Konbyen tifi ki pa ale lekòl e ki konsekans sa genyen?

Enfòmasyon entèsyonal sou zafè voye timoun lekòl ki pi nèf yo bay gen 75 milyon timoun ki nan laj pou yo ale lekòl primè e ki pa janm ale e 55 pousan nan yo se tifi. Nan lekòl segondè menm, lè nou gade nan tout peyi ki sou latè, nou jwenn se sèlman 46 pousan tigason ak 43 pousan pou tifi ki ale lekòl segondè. Men tou, gen peyi kote diferans ant gason ak fi k al lekòl la pi gwo. Yonn nan konsekans diferans sa a nan zafè al lekòl, se 96 milyon jenn fi ki anfabèt pou 57 milyon jenn gason.

Ki pi gwo difikilte zafè edikasyon tifi yo jwenn?

Sèten difikilte tifi ak tigason jwenn nan zafè al lekòl menm pou yo toulède : se pri edikasyon an, move kalite ansèyman ak nesite fanmi k ap fè timoun yo travay pou yo ka viv. Men, tifi yo jwenn de pwoblèm ki pa menm tou. Konsa, lekòl ki lwen kay yo, kapab bay yon pwoblèm sekirite ; sèten lekòl pa gen bon jan twalèt pou yo sèvi ; tradisyon zònn nan kapab pa bay edikasyon tifi yo valè. ; e gen de peyi menm kote yo ankouraje moun yo pou yo pa voye tifi lekòl.

Kisa sa rapote pou voye tifi lekòl?

Envesti nan edikasyon tifi yo se yon bon desizyon ekonomik. Genyen etid ki montre edikasyon tifi yo se youn nan fason ki pi efikas pou konbat lamizè. Fi ki gen edikasyon yo gen plis chans pou yo fè plis kòb lè yo granmoun, pou yo marye apre sa, pou yo fè mwens pitit, pou pitit yo pi ansante e pou yo patisipe pipils nan desizyon k ap pran nan fwaye yo. Konsa tou yo veye pou pitit yo ale lekòl sa ki fè pa gen danje pour yo rantrè nan zafè travay timoun. Ki fè, lite kont travay tifi yo epi fè pwomosyon dwa yo pou yo jwenn edikasyon se yon eleman enpòtan nan estrateji ki genyen pou fè pwomosyon devlopman.

Kisa nou ka fè ankò?

Edikasyon se yon bagay ki enpòtan anpil men se pa ka sèl mannyè nou genyen pou nou lite kont travay timoun, kit se tigason kit se tifi. Lòt jan pou nou lite pou nou chanje sa, se diminye lamizè gras a rezo sekirite sosyal (èd leta) pou fanmi ki pi pòv yo, aplike lwa pou kondane travay timoun epi pou fè pwomosyon edikasyon yo avèk kreasyon travay pou granmoun yo pou yo ka viv nan diyte. Fòk sa yon priorite pou nou defann egalite fi ak gason epi pou nou lite kont lòt kalite diskriminasyon fi yo viktim.

Kouman OIT ap ede tifi k ap travay yo?

OIT ap travay nan plizyè domèn avèk gouvenman yo ak patnè sosyal yo pou yo mete sou pye yon kad legal ki mache avèk konvansyon ki gen pou wè avèk zafè travay timoun ; I ap travay tou pou ranfòsman kapasite nasyonal yo pou yo lite kont travay timoun.

Konsa tou OIT ap travay nan nivo lokal pou ede timoun k ap travay yo ak kominote kote yo ye a. Pou fè sa, li bay divès patnè sipò nan jefò y ap fè pou yo pwoteje timoun yo pou yo pa tonbe nan travay ; li ba yo sipò tou pou yo kapab elabore estrateji ki pou pwoteje timoun sa a yo ki deja ap travay. Yonn nan priorite pwogram sa a yo se okipe sitiyaon espesyal tifi yo. Patnè IPEC yo te travay pou yo fè tifi yo soti anba divès kalite travay ki se sa ki pi mal yo. Anpil nan timoun sa yo jwenn sipò pou yo ale lekòl e sa ki gen plis laj yo jwenn èd pou yo ale lekòl pwofesyonel ki va pèmèt yo jwenn yon demen miyo. OIT ak patnè li yo ap kolabore ak lòt ajans Nasyon Zini tou pou yo ka sèten tifi yo ap jwenn pa yo nan estrateji ak pwojè devlopman yo.

Nap jwenn plis enfòmasyon nan: www.ilo.org/ipec



Programme international pour l'abolition du travail des enfants (IPEC)

Bureau international du Travail

4, route des Morillons • CH-1211 Genève 22 • Suisse

Tél: +41 (0) 22 799 8181 • Fax: +41 (0) 22 799 8771

Ministère des Affaires Sociales et du Travail

12, rue de l'Enterrement • Port-au-Prince • Haïti

Tél: (509) 222 12 45 / 223 6358

<http://www.ilo.org/ipecc>